

Banjur Gusti Allah ngendika, "Ora prayoga manungsa iku yèn ijèn waé. Sun gawèaké rowang kanggo dhèwèké." Gusti Allah nekaaké sarupané manuk ing awang-awang lan sarupané kéwan menyang ngarepé Adam. Adam banjur maringi jeneng marang kabèh kéwan iku.



19

Adam mesthiné ya wong sing pinter, nganti bisa nglakoni kabèh mau. Nanging saka ing antarané manuk lan sato kéwan iku ora ana mitra sing cocok utawa sembeda kanggo Adam.



20

Gusti Allah ndadèkaké Adam turu kepati. Lah, saka wong sing lagi turu iku Allah mundhut igané siji, banjur Allah mangun Wanita saka igané Adam mau. Wanita sing diasta dening Gusti mau cocok banget dadi mitrané Adam.




21

Gusti Allah ngasta samubarang sajroné nem dina. Banjur Allah mberkahi dina kapitu lan netepaké dina iku dadi dina pengasooan.



22

Ana ing Taman Éden, Adam lan Kawa, yaiku bojoné utawa sisihané, ngrasaaké kabungahan sampurna, mbangun turut marang Allah. Allah iku iya Gustiné, iya Sing Maha Nyukupi, lan Sahabat kanggo wong loro iku.




23

Nalika Allah Ngana'aké Samubarang
Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci
bisa digolèki ing
Purwaning Dumadi 1-2

"Kawedharipun pangandika Paduka punika madhang". Jabur 119:130

Nalika Allah Ngana'aké Samubarang



Ditulis déning Edward Hughes
Digambari déning Byron Unger; Lazarus

Diterjemahaké déning Endang Supardan
Dibesut déning Bob Davies; Tammy S.

Crita nomer 1 saka 60

M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada

Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki, waton ora kanggo diedol.

Gusti Allah pirsá yèn kita wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut dening Gusti Allah, dosa. Paukumané dosa iku pepati.

Gusti Allah tresna banget marang kita nganti masrahaké putrané, Gusti Yésus, supaya séda sinalib lan nebus paukuman kita. **Gusti Yesus wus wungu, gesang** lan kondur menyang Swarga! Saiki uga Gusti bisa ngapura dosa-dosa kita.

Yen kowé kepéngin mratobat saka dosa-dosamu, matura marang Gusti Allah mengkéné: Gusti Allah ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Gusti Yésus séda kanggé kawula, lan sakmenika sampun wungu lan gesang. Kersaa rawuh ing manah lan gesang kawula sarta ngapuntèni dosa-dosa kawula, supados kawula pikantuk gesang énggal sakmenika; lan mbéjjang badhé seserangan kaliyan Paduka salaminya. Kersaa mitulungi kawula supados kawula saged gesang kagem Paduka kadosdéné putra Paduka. Amin. Yohanes 3:16

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Allah saben dina!

Basa Jawa Prasaja Javanese

Sapa sing nggawé kita? Kitab Suci, pangandikané Allah, nyrita'aké piyé mula-bukané ana bangsa manungsa. Ing jaman kuna-makuna Allah nggawé utawa nyiptaaké manungsa sepisanan, lan diparingi jeneng Adam.



1

Allah ngasta utawa nggawé Adam saka lemah, lebuning bumi. Nalika Allah nyebul napasing urip tumrap Adam, Adam dadi urip. Dheweké manggon ing taman sing éndah banget, jenengé Taman Éden.



2


Sakdurungé nitahaké Adam, Gusti Allah wis nitahaké bumi sing éndah banget, isiné samubarang sing nyata apik tenan. Mbaka sethithik Gusti Allah ngasta palemahan kang methutuk kanggo pegunungan lan panggonan rata kanggo pasuketan, taneman kembang



sing arum gandané lan wit-witan sing dhuwur pangé, ...


3

... manuk-manuk sing éndah warnaning wuluné lan bangsa tawon sing mbrengengeng swarané, iwak paus sing gedhé nganti kangèlan ngglundhungké badané lan bekicot sing cilik, sing lunyu awaké. Saktemené, Gusti Allah nitahaké samubarang sing ana ing bumi iki - sakabèhé!




4

Ing wiwitaning jaman, sakdurungé Gusti Allah nyiptaaké apa-apa, ora ana apa-apa kejaba Gusti Allah. Ora ana manungsa, panggonan utawa barang-barang. Babar pisan ora ana. Ora ana pepadhang, lan ora ana pepeteng. Ora ana ndhuwur lan ora ana ngisor. Ora ana wingi lang ora ana sésuk. Sing ana mung Allah, sing ora ana wiwitané. Banjur Gusti Allah tumindak!



5

Ing jaman kawitan, Gusti Allah nitahaké langit lan bumi.



6

Bumi iku campur-bawur lan suwung. Lan anané mung pepeteng ndhedhet.


Gusti Allah banjur

ngendika: "Anaa pepadhang."




7

Lan banjur ana pepadhang. Gusti Allah paring jeneng Raina marang sing padhang, lan sing peteng diparingi jeneng Wengi. Soré lan ésuk dadi dina kapisan.




8

Ing dina kapindho, Gusti Allah ngumpulaké banyu sing ana ing segara amba, segara ciut lan tlağa nang sakngisoré langit. Ing dina katelu Gusti Allah ngendika, "Anaa lemah sing asat." Lan iya kelakon.




9

Gusti Allah dhawuh supaya sesuketan lan kembang-kembangan padha tuwuh, uga grumbul lan wit-witan. Lan iya kelakon metu. Lan soré lan ésuk dadi dina katelu.




10

Banjur Gusti Allah nyiptaaké srengéngé, rembulan lan lintang-lintang sing cacahé akèh banget nganti ora ana sing bisa ngétung. Lan soré lan ésuk dadi dina kapapat.




11

Sakterusé, sakèhé makluk ing segara, iwak lan bangsa manuk ana ing urut-urutan ciptaané Gusti Allah. Ing dina kaping lima Gusti ngasta utawa nggawé: iwak sing gedhé lan lancip cangkemé kaya pedhang lan uga iwak sardèn sing cilik, manuk unta sing sikilé dawa lan uga manuk prenjak cilik sing tansah cemuwit-bungah.



12

Gusti Allah nyiptaké manéka rupa iwak kanggo ngebaki banyu ing bumi lan uga manéka warna manuk supaya padha ngrasakaké bungah-bungah ing dharatan, segara lan akasa. Lan soré lan ésuk dadi dina kalima.



13

Sakbubaré iku, Gusti Allah ngendika manèh. Pangandikané, "Bumi iki ngetokna makluk urip mawarna-warna..." Sakwarnane kéwan ingon-ingon, kéwan rumangkang, lan gumremet, sarta rèptil banjur ana. Ana gajah gedhé sing gawé bumi kaya horeg, nanging ana uga berang-berang cilik sing repot kaya tanpa mandheg. Kethèk sing dhemen ngganggu lan baya sing kaku-wagu.



14

Uget-uget sing pating kruget lan bajing sing mbeling. Jrapah sing dhuwur sak glagah, lan kucing nganggur sing senggur-senggur. Samubarang kéwan diciptaaké déning Gusti Allah ing dina iku.

Lan soré lan ésuk dadi dina kaping nem.




15

Ing dina kaping nem Gusti ngasta manèh-lah iki sawijining prekara sing istimewa banget. Samubarang wis sumadhiya kanggo anané Manungsa. Wis ana barang sing bisa dipangan ing tegalan lan wis ana kéwan-kéwan sing bisa ngladèni manungsa. Banjur Gusti Allah ngendika, "Ayo Kita nggawé manungsa sing mirib gambar Kita. Cikbèn dhèwèké nguwasanana sabarang sing ana ing bumi."



16

MANGKONO GUSTI ALLAH NYIPTAAKÉ MANUNGSA MANUT GAMBARÉ GUSTI PIYAMBAK; MITURUT GAMBARÉ ALLAH PIYAMBAK, ANGGONÉ NYIPTAAKÉ MANUNGSA ...



17

Gusti Allah ngendika marang Adam: "Apa waé sing sira péngini ing taman iki olèh sira pangan. Nanging aja mangan saka wit pangawruhing becik lan ala. Yèn sira mangan saka wit iku mesthi sira bakal mati."



18